# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Мәмлекет буйыртпаларының ашықлығын ҳәм әдил өтиўин тәмийинлеў ҳәм нәтийжелилигин асырыўға тийисли қосымша ис-иләжлар ҳаққында»ғы қарарының орынланыўы ҳаққында

Өзбектстан Республикасы Президентиниң «Мәмлекет буйыртпаларының ашықлығын ҳәм әдил өтиўин тәмийинлеў ҳәм нәтийжелилигин асырыўға тийисли қосымша ис-иләжлар ҳаққында»ғы 2021-жыл 2-июльдағы ПҚ-5171-санлы қарары ҳәмде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 19-июльдағы «Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Мәмлекет буйыртпаларының ашықлығын ҳәм әдил өтиўин тәмийинлеў ҳәм нәтийжелилигин асырыўға тийисли қосымша ис-иләжлар ҳаққында»ғы қарарының орынланыўы ҳаққында»ғы 227-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 19-июльдағы 227-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Министр орынбасары ў.ў.а (И.Балтабаев) ҳәм Бухгалтериялық есап ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими (Г.Бекмуратова)не:

Қаржы министрлиги ҳәм Инвестициялар ҳәм сыртқы саўда министрлиги тәрепинен сырт ел қәнийгелерин қамтып алған ҳалда кәсиплик шеберликлер ҳәмде мәмлекетлик буйыртпалар тараўындағы билим ҳәм көникпелерин асырыў бойынша шөлкемлестирилген әмелий оқыў курсларында министрлик бойсыныўындағы мәкеме ҳәм шөлкемлердиң тийисли хызметкерлериниң оқытылыўын тәмийинлеў;

Министрлик бойсыныўындағы мәкеме ҳәм шөлкемлер тәрепинен мәмлекет буйыртпаларының ашықлығы ҳәм әдил өткерилиўи, нызам ҳүжжетлери талапларына бойсыныўы үстинен қадағалаў орнатыў;

ҳәр ай жуўмағы менен министрлик бойсыныўындағы мәкеме ҳәм шөлкемлердиң мәмлекет буйыртпалары ашықлығын тәмийинлеў ҳәм нәтийжелилигин асырыў бойынша есабатларды сын көз қараста көрип шығыў ўазыйпалары жүкленсин.

3. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери басшыларына ҳәмде республикалық бойсыныўындағы билимлендириў мәкемелери басшыларына:

ҳәр ай жуўмағында әмелге асырылған мәмлекет буйыртпалары бойынша есабатларды министрликке тапсырып барыў;

мәмлекет буйыртпалары ҳаққындағы нызамларды бузғанлығы ушын жуўапкершиликти мәкеме басшысы ҳәм буйыртпалар ушын жуўапкер хызметкерге жүклеў;

барлық түрдеги мәмлекет буйыртпалары әмелдеги нызамшылыққа муўапық шөлкемлестирилиўи үстинен қатаң кадағалаў орнатыў;

Мәмлекетлик салық комитети тәрепинен "E-ombor" товар-материаллық реурслар ҳаректлерин есапқа алыў электрон системасының интеграцияланғаннан соң, усыныў есап-фактураларда товарлардың (ислер, хызметлердиң) идентификациялаў кодлары өним (товар ҳәм хызметлер) бирден-бир электрон миллий каталогына муўапық сәўлелендирилиўи ҳәмде барлық шартнама Бирден-бир электрон шартнамалардын хабар порталына мажбурий тартипте дизимнен өткерилиўин тәмийинлеў уазыйпалары жукленсин.

5. Физикалық ҳәм юридикалық щахслардың мүрәжатлары менен ислесиў бөлими (М.Есбосынов ) усы буйрықты министрликтиң барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине ҳәмде республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелерине жеткизилиўин тәмийинлеў тапсырылсын.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды министрдиң орынбасары ў.ў.а И.Балтабаевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р. Реимов**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI * QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI * D KEN SE HU'JJETLERI

Нөкис қаласы,
2021-жыл «23» Июль

№ 176

Көширмеси дурыс.
Есбосынов М.